

Divilgasyon : Dokiman sila se sèlman pou rezon enfòmatif e pou devlopman politik yo. Dokiman an pa reprezante yon deklarasyon jiridik obligatwa. Kontni dokiman an siseptib pou l chanje dapre diskresyon Biwo egzekitif pou sante e sèvis sosyal (Executive Office of Health and Human Services, EOHS). Desizyon politik final yo ap tabli dapre règleman MassHealth e sou direktif règleman tè yo.

Apèl trimestriyèl pou manm jesyon ka kominotè e pou fanmi jesyon ka kominotè : 27 fevriye 2025

AJANDA

Sijè	Ki lè
Mizajou sou tout amelyorasyon nan livrezon sèvis CSN yo.	12:30 – 1:00 pm
Kòmantè manm CCM e fanmi CCM	01:00 – 2:00 pm

Kòmantè e suivi manm CCM yo e fanmi CCM yo

1. Pwogram asistans nan swen konplèks (Complex Care Assistant, CCA)

Fanmi CCM yo mande si MassHealth gen done sou rezon kifè pifò CCA se fanmi, e si se yon chwa oubyen se poutèt pa gen enfimye(è) disponib. Fanmi CCM di yo konsène si rezonman an se poutèt mank enfimye(è), alò pwogram nan ap transfere alontèm chay pou bay swen an bay paran yo e detounen fòkis sou mete plis enfimye(è) adomisil.

Respons OLTSS : MassHealth pa gen aktyèlman done ki di pouki pifò CCA se fanmi. Apati sezon ete 2025, MassHealth pral ranmase done kalifikatif nan fè antrevi ak fanmi pou yo pi byen konprann kòman fanmi ap viv ak sèvis CCA yo. Sèvis CCA yo pa ranplase sèvis CSN yo, gen yon ti moman kote sèvis yo tonbe menm kote.

Fanmi CCM yo mande enfòmasyon sou kondisyon pou fòmasyon CCA e si fòmasyon 85 èdtan san peman ki obligatwa a gendwa yon rezon ki fè pa gen plis CCA ki pa fanmi. Fanmi yo mande si gen yon zouti pou suiv kisa diferan ajans mande pou fòmasyon pou fè pwosede a pi fasil pou fanmi e pou potansyèl CCA.

Respons OLTSS : Pandan mizanplas sèvis CCA yo nan sezon ete lane 2023 a, anpil ajans CSN di yo peye CCA pandan yo t ap suiv fòmasyon 85 èdtan ki obligatwa a. MassHealth konnen kèk founisè pèmèt fanmi fè yon evalyasyon konpetans olye pou yo suiv fòmasyon 85 èdtan an. MassHealth pral wè kòman pou kreye yon zouti pou suiv egzijans fòmasyon ajans yo.

Fanmi CCM yo mande enfòmasyon sou estati opsyon fleksib pou yon CSN vin yon CCA.

Respons OLTSS : Pou kounyela a, MassHealth p ap chèche repwodui opsyon PCA a pou CCA men l ap gade pou wè si gen yon opsyon nan yon ansyen platfòm. MassHealth ap kontinye chèche yon jan pou pi byen siveye itilizasyon sèvis yo. Opsyon pou suiv CSN e PCA yo te difisil poutèt se pou n travay an fonksyon Entèmedyè Fiskal PCA a, (PCA Fiscal Intermediary) Tempus, e kalandriye a toujou repouse poutèt resous PCA yo. Aktyèlman, travay sa a repouse jouk nan fen lane a. Yonfwa n detèmine yon pwosesis, n ap bezwen sipò direksyon siperyè a pou jwenn yon opsyon CCA ki fleksib.

Fanmi CCM yo mande si paran yo ka faktire kòm CCA oubyen edan pou swen lakay (home health aide) pandan pitit pa yo a entèn lopital e si nou ka reflechi sou opsyon pou sa fèt.

Divilgasyon : Dokiman sila se sèlman pou rezon enfòmatif e pou devlopman politik yo. Dokiman an pa reprezante yon deklarasyon jiridik obligatwa. Kontni dokiman an siseptib pou l chanje dapre diskresyon Biwo egzekitif pou sante e sèvis sosyal (Executive Office of Health and Human Services, EOHHS). Desizyon politik final yo ap tabli dapre règleman MassHealth e sou direktif règleman tè yo.

Respons OLTSS : Règ federal entèdi MassHealth ranbouse pou swen lakay (Home health aide) e pou CCA lè yon pasyan entèn.

Fanmi CCM yo mande si gen yon efò pou konekte etidyan enfimye(è) avèk fanmi ki pa ka jwenn enfimye(è) e si yo ta ka kòmanse travay nan kay fanmi kòm CCA pandan yo toujou ap etidye.

Respons OLTSS : MassHealth ap fè efò kontini pou angaje etidyan enfimye(è) atravè prezantasyon nan lekòl enfimye e ka konsidere fè etidyan yo konnen sou opòtinite CCA ki genyen. MassHealth pa ka konekte etidyan yo dirèkteman avèk Fanmi CCM yo.

Fanmi CCM yo mande si gen yon ajans k ap fè rekritman CCA ki pa manm fanmi a?

Respons OLTSS : MassHealth ka mande ajans CSN yo si yo fè rekritman CCA ki pa fanmi.

Fanmi CCM yo mande si yon manm jwenn 14 èdtan PCA pa semèn lannuit (2 èdtan chak nuit), pouki tan sa yo pa ka pou CCA.

Respons OLTSS : Lè orè PCA a otorize pou lannuit, evalyatè a ap chèche tout travay ki gen ant minui e 6 è nan maten e si gen mwens pase dezè travay idantifye nan lannuit, gen yon otorizasyon pou peye yon minimòm dezèdtan. Pwogram PCA a awondi jouk nan yon minimòm dezè e pwogram CCA a pa gen menm fleksiblite a.

Fanmi CCM yo mande si gen yon jan pou konekte enfimye(è) Nightingale ki gradye ansanm ak fanmi k ap jwenn sèvis CSN yo.

Respons OLTSS : Nightingale's Northern Nest (NNN) ap travay alèkile avèk enfimye(è) diplome nan fòmasyon yo pou ede yo jwenn anplwa nan yon ajans CSN oubyen enskri kòm yon enfimye(è) endepandan. Sa ap kontinye jouk pwogram fòmasyon an fini, le 30 jen 2025. NNN dakò pou l konekte avèk fanmi e l pataje kowòdone li yo pou fanmi yo kontakte l an dirèk, kontak NNN : info@nightingalesnorthernnest.com e mande pou fanmi an pataje anplasman l lè l kontakte NNN.

2. Bidjè pwogram CSN lan

Fanmi CCM yo mande kòman bigjè lajan fèt pou orè otorize nan pwogram CSN lan.

Respons OLTSS : Depans MassHealth pou tout sèvis detèmine prensipalman an fonksyon enskripsyon (kantite manm, akuite), itilizasyon, e tarif. Pwojeksyon yo devlope an fonksyon eksperyans istorik, e yo ajiste pou chanjman ki pral gen nan tarif e nan politik yo. MassHealth ap devlope alèkile yon fich enfòmasyon sou bidjè a pou l pataje avèk manm e fanmi CCM yo pou yo eksplike estati pwosesis bidjè a.

Fanmi CCM yo mande enfòmasyon sou enpak nouvo administrasyon federal la e rediksyon nan Medicaid ki pwopoze yo ka genyen sou bidjè MassHealth ak bidjè CSN.

Respons OLTSS : MassHealth ap siveye avèk anpil atansyon tout chanjman ki gen nan gouvènman federal la. Pou kounyela, MassHealth pa resevwa okenn direktiv presi sou

Divilgasyon : Dokiman sila se sèlman pou rezon enfòmatif e pou devlopman politik yo. Dokiman an pa reprezante yon deklarasyon jiridik obligatwa. Kontni dokiman an siseptib pou l chanje dapre diskresyon Biwo egzekitif pou sante e sèvis sosyal (Executive Office of Health and Human Services, EOHS). Desizyon politik final yo ap tabli dapre règleman MassHealth e sou direktif règleman yo.

pwogram oubyen sou sèvis. Si MassHealth resevwa okenn direktiv, n ap analize yo avèk anpil presizyon e n ap kominiye enpak yo bay manm nou yo.

3. CCM Nurse Directory (Anyè enfimye(è) CCM)

Fanmi CCM yo pataje difikilte avèk itilizasyon anyè a poutèt se pa tout enfimye(è) ki gen pwofil konplè, ki verifiye tout eleman oubyen okenn eleman nan lis konpetans enfimye(è) CSN e ki voye twòp mesaj bay fanmi yo.

Respons OLTSS : MassHealth ankouraje pou fanmi yo kontinye pataje opinyon yo sou anyè enfimye(è) CCM lan. Si w gen yon pwoblèm avèk yon enfimye(è) oubyen pwofil yon enfimye(è) nan anyè a, kontakte tanpri CCM nan CSNAccessSupport@umassmed.edu pou yo egzamine pwoblèm lan e pale sa avèk enfimye(è) a. MassHealth gen yon gwo kolaborasyon avèk ekip CCM Digital Solutions pou amelyore anyè a, tankou fè seksyon sou konpetans enfimye(è) CSN yo obligatwa. Apresa, si yon enfimye(è) endepandan oubyen nan ajans pa fè seksyon ki obligatwa yo nan pwofil enfimye(è) a, pwofil enfimye(è) a p ap otorize. MassHealth ankouraje fanmi ki pa enskri nan anyè enfimye(è) a pou yo fè sa. Gen yon fonksyon ki pèmèt pou aktive oubyen dezaktive pwofil ou a, sa ki fè li posib pou w fè yon rechèch kèlkeswa lè w bezwen fè youn.

4. Idratasyon enfizyon mobil

Fanmi CCM yo mande si MassHealth ta ka wè kòman pou fè idratasyon enfizyon mobil disponib pou manm CCM yo. Li ta itil pou gen yon sistèm anplas kote enfizyon PRN yo ka administre lè manm yo malad oubyen dezidrate pou evite ale nan saldjans (ER). Manm ka aktyèlman peye yomenm pou sèvis sa yo.

Respons OLTSS : MassHealth ap fè revizyon entèn, avèk doktè ki kolèg, sou solisyon ki posib pou sitiyaasyon sa a.

5. Aparèy medikal dirab

Fanmi CCM yo mande kote fanmi yo gendwa jwenn sereng enfit e adaptè boutèy likid epi pataje difikilte nan jwenn founiti sa yo nan famasi e nesesite pou peye yomenm pou founiti siplemantè.

Respons OLTSS : Fanmi dwe kontakte responsab nan klinik CCM lan pou jwenn èd nan aksè founiti sa yo.

6. Tarif CSN yo

Fanmi CCM yo mande si te gen plis chita pale pou gen yon salè ki an rapò ak dènye ogmantasyon tarif CSN lan.

Respons OLTSS : MassHealth pral kòmanse egzamine tarif sèvis CSN yo nan mwa me 2025, e tout ajisteman tarif ap an vigè pa avan mwa out 2026. MassHealth ap revize aktyèlman done sou salè enfimye(è) yo e l pral kolabore byento avèk Konsèy konsiltatif (Advisory Council) la e avèk lòt aksyonè pou l detèmine yon nesesite yon salè pou CSN.

Divilgasyon : Dokiman sila se sèlman pou rezon enfòmatif e pou devlopman politik yo. Dokiman an pa reprezante yon deklarasyon jiridik obligatwa. Kontni dokiman an siseptib pou l chanje dapre diskresyon Biwo egzekitif pou sante e sèvis sosyal (Executive Office of Health and Human Services, EOHHS). Desizyon politik final yo ap tabli dapre règleman MassHealth e sou direktif règlemantè yo.

Fanmi CCM yo endike resevwa enfimye(è) lakay yo se yon presyon finansyè poutèt ogmantasyon nan itilizasyon founiti menaje, sèvis piblik, degradasyon kay la, elatriye. Fanmi yo mande si ka gen yon alokasyon disponib pou konpanse yo pou sa.

Respons OLTSS : MassHealth pa an mezi pou l fè kalite peman sa yo. MassHealth ap rasanble lòt resous finansyè ki gendwa disponib pou fanmi yo, e y ap pibliye resous sa yo sou paj wèb CCM lan ki nan mass.gov. N ap enfòme fanmi yo lè resous sa yo pibliye.